Règleman Chanselye a

Kategori:	**ELÈV**	Pibliye:	1YE JIYE 2011	Nimewo:	**A-755**
Sijè:	PREVANSYON/ENTEVANSYON KONT SUISID			Paj:	1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifye ak ranplase CR A-755 ki gen dat jeudi 20 janvier 2011.

Chanjman:

- Yo te revize règleman sa a pou di estaf lekòl yo ta dwe panse voye yon rekòmandasyon ba CSE a oswa fè mande yon reyinyon 504 pou elèv ki tante suiside tèt yo oswa ki gen konpòtman pou posiblite suisid. (Gade seksyon III.D, paj 5; Dokiman siplemantè No. 1.)
- Yo te modifye règleman sa a pou l vin gen ladan òganizasyon aktyèl DOE, tankou Rezo Timoun Dabò Children First Networks(CFN). (Gade Dokiman siplemantè No. 1)
- Yo revize resous yo pou yo gen ladan yo nouvo sèvis sante mantal ki disponib(Gade dokiman siplemantè No. 2)

REZIME

Règleman sa a modifye ak ranplase Règleman Chanselye Chancellor's Regulation A-755 (CR A-710) ki gen dat 20 janvye 2011. Kantite suisid ak tantativ suisid pami jèn ki gen laj pou ale lekòl ogmante ak yon pousantaj ki enkyetan nan ane sa yo. Règleman sa a konsantre sou wòl lekòl la nan jesyon konpòtman suisid posib ak reyèl epi li gen prensip pou ede chak lekòl nan kreyasyon yon Plan entèvansyon sou Kriz nan lekòl *School Crisis Intervention Plan*. Se responsablite chak manm estaf pou rapòte sa yo konnen sou nenpòt ka suisid ki posib ba direktè a oswa ba lyezon yo nome a si wi ou non elèv la te mande pou enfòmasyon yo rete konfidansyèl. Se sèlman estaf sante mantal ki fòme pou pwogram sante mantal nan lekòl () *School Based Mental Health Programs* (SBMHP) tankou konseye pedagojik, sikològ, asistan sosyal ak sikyat ki ka bay sèvis *counseling* apwopriye. Estaf sa a enpòtan nan fòmasyon ekip repons/prevansyon entèvansyon nan edikasyon lè gen kriz. Moun direktè a nome a, paegzanp asistan direktè a, konseye pedagojik la, asistan sosyal la, asistan sante mantal la, dwe rapòte konpòtman suisid ba paran an[1]∗ epi ranpli yon "On-line Occurrence Report" Depatman edikasyon.

ENTWODIKSYON

Anpil fwa, elèv yo konn bay zanmi, pwofesè ak lòt manm pèsonèl la soupson sou entansyon yo pou komèt suisid. Kidonk, li enpòtan pou tout pèsonèl lekòl la (pwofesè ou non) konnen konpòtman ki ka sijere tandans suisid. Yo dwe pran tout konpòtman ki gen rapò ak suisid oserye.

I. ADMINISTRASYON

Direktè chak lekòl primè, lekòl presegondè, lekòl segondè ak pwogram edikasyon espesyal vil la ap:

A. Nome yon manm estaf pou jwe wòl lyezon pou prevansyon suisid onivo lekòl *School Suicide Prevention Liaison* nan lekòl la. Li sèvi kòm lyezon lekòl la pou lyezon fòmasyon jèn CFN kòmsadwa nan tout zafè ki gen rapò avèk edikasyon/entèvansyon nan prevansyon suisid. Lyezon an responsab pou ranpli rapò sou suisid la nan "sistèm rapò sou sa ki rive sou entènèt" "*Online Occurrence Reporting System*" (OORS) DOE a . Li sèvi tou kòm manm "Ekip Kriz" "*Crisis Team*" lekòl la (gade Seksyon I.B ki pi ba a)

B. Fòme yon ekip repons/prevansyon edikasyon/entèvansyon kriz nan lekòl la ("*Crisis Team*"). *Crisis Team* lan ka fè pati yon pèsonèl elèv oswa yon ekip sante konplè ki deja egziste. *Crisis Team* lan dwe gen ladan lyezon pou suisid lekòl la nome ak travayè sante mantal ki nan lekò la. *Crisis Team* lan se yon ekip plizyè disiplin ki ka gen ladan tou direktè lekòl la, lyezon suisid lekòl la, konseye pedagojik, pwofesè, manm ekip sipò nan lekòl la, espesyalis prevansyon ak entèvansyon nan izaj pwodui chimik, *Substance Abuse Prevention and Intervention Specialists* (SAPIS), koòdonatè resous sante, enfimyè lekòl, pèsonèl Founisè sante mantal ki nan lekòl *School Based Mental Health Providers* (SBMHP) ak lòt manm estaf ki gen konesans epi ki travay sou pwoblèm suisid.

C. Asire ke yo aplike plan prevansyon/entèvansyon lekòl la okonplè.

D. Asire ke yo distribiye ba tout estaf lekòl la Gid rekòmandasyon sou suisid la *Suicide Reference Guide* - Siy avètisman sou risk suisid ak pwosedi pou aksyon *Warning Signs of Suicide Risk and Procedure for Action* (Dokiman siplemantè No. 1) ak " Sèvis sante mantal ak sosyal pou jèn Vil Nouyòk " "*Mental Health and Social Services for NYC Youth"* (Dokiman siplemantè No. 2).

∗ Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a ap vle di paran elèv la oswa tout moun oswa ajans ki jwe wòl paran oswa ki gen gad elèv oswa elèv la oswa nenpòt moun paran an mete pou aji "kòm paran" loco parentis, oswa elèv la menm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen 18 lane.

E. Asire ke yo afiche byen klè *Suicide Reference Guide* la, lis manm ekip kriz la ak pwosedi entèvansyon yo.

F. Idantifye yon founisè sèvis nan *New York State Office of Mental Health*, si sa nesesè nan: http://www.omh.state.ny.us/omhweb/licensing/bic/locatebic1.asp.

II. PREVANSYON ATRAVÈ EDIKASYON

Objektif prevansyon suisid atravè edikasyon an se fè plis motivasyon nan kominote lekòl la (pèsonèl pedagojik ou non, paran, elèv, etc.) sou siy avètisman, oswa faktè ki ka kontribiye nan konpòtman suisid epi pèmèt yo jwenn sèvis prevansyon/entèvansyon ki apwopriye. Yo dwe chèche byen konprann siy avètisman yo, ansanm ak lòt faktè yo ak chak sikonstan patikilye. Gade Suicide Reference Guide la sou kèk nan sentòm ak siy avètisman yo (Dokiman siplemantè No. 1).

A. Responsablite Ekip Kriz la

Chak ekip kriz nan lekòl dwe:

1. Devlope yon plan entèvansyon pou kriz nan lekòl *School Crisis Intervention Plan* ki fikse mezi lekòl la ap pran pou bay sèvis entèvansyon ak sèvis sipò pou elèv ki prezante konpòtman ki gen rapò avèk suisid. Plan an dwe:

   a. Konsidere mezi ak aktivte prevansyon/entèvansyon nan edikasyon ak mezi apre entèvansyon (suivi);

   b. Mete yon kalandriye pou aplikasyon;

   c. Mete non estaf ki patisipe nan aplikasyon plan an ak wòl ak responsablite yo chak apa; epi

   d. Mete l nan " Plan global lekòl ak fòmasyon jèn " "*Consolidated School and Youth Development Plan*" lekòl la..

2. Fè yon sesyon oryantasyon pou pèsonèl lekòl la nan espas de premye mwa kòmansman chak ane lekòl. Sesyon oryantasyon an dwe gen ladan yon prezantasyon sou plan edikasyon/entèvansyon pou prevansyon suisid lekòl la pou tout kominote lekòl la. Yo ka fè l nan konferans estaf administratif, nan reyinyon pèsonèl elèv, nan konferans pwofesè ak nan reyinyon pou estaf ki pa anseyan yo ak nan reyinyon paran.

3. Fasilite oswa fè trening pou pwofesè/fòmasyon pwofesyonèl pou tout estaf lekòl la. Trening sa sipoze konsantre sou rekòmandasyon san pèdi tan ba direktè a oswa ba lyezon yo nome nan lekòl la pou tantativ ak/oswa konpòtman suisid. Anplis, yo dwe bay estaf la enfòmasyon enpòtan sou faktè ki gen risk suisid, sou konpòtman riske, endikatè yo ka idantifye, pwosedi pou rekòmandasyon, estrateji pou suivi ak sansibilize estaf la sou bezwen espesyal elèv ki riske suiside tèt yo.

4. Fè divès aktivite apwopriye pou motive tout elèv onivo devlopman pou ede yo konprann finalite lanmò, enkyetid moun ki responsab pou tèt yo ak lòt moun nan chèche èd, lè sa nesesè.

5. Koòdone èd òganizasyon yo nan kominote a, fè lyezon ak ajans sante mantal ak lopital yo, epi fòme paran ak gwoup kominotè pou yo vin abitye ak estrateji prevansyon-edikasyon/ entèvansyon. Trening dwe fè pati pwogram sante global lekòl la. Ekip la ap ankouraje patisipasyon ajans/gwoup kominotè yo nan sesyon fòmasyon yo. Yo rekòmande pou ekip la fè ryinyon chak peryòd ak estaf lopital/ajans yo pou asire kominikasyon san rete, trening ak anpil kolabaorasyon.

6. Enfòme ajans sante mantal kominotè yo ak lopital yo sou konpozisyon ekip edikasyon/entèvansyon pou prevansyon suisid nan lekòl la. Ekip kriz la ap devlope ak itilize yon lis resous kominotè ak yon lis rekòmandasyon detaye ak yon lyezon yo nome nan chak ajans ak/oswa nan chak lopital. Yo ta dwe revize lis resous la chak ane.

III. PWOSEDI POU ENTÈVANSYON

Chak manm estaf dwe rapòte sa yo konnen sou tout tantativ oswa posiblite suisid ba direktè a oswa ba lyezon yo nome a si wi oswa non elèv la mande pou yo kenbe enfòmasyon yo konfidansyèl.

A. Tantativ suisid

1. Mezi entèvansyon

Lè yon manm estaf okouran yon tantativ suisid, li dwe pran mezi sa yo:

a. Manm estaf la dwe mande èd epi enfòme direktè a oswa reprezantan l.

b. Manm estaf la dwe asire ke yo pa kite elèv la poukont li kèlkeswa sikonstans lan.

c. Manm estaf la dwe asire ke yo fè pwosedi pou bay premye èd ki apwopriye.

d. Manm estaf la dwe kontakte 911 imedyatman pou yo ka mennen elèv la nan lopital ki pi pre a.

e. Direktè/reprezantan l dwe avèti paran epi mande l pou prezante nan lekòl la oswa nan lopital la. Si yo dwe mennen elèv la nan lopital la epi paran an poko rive, yon manm estaf lekòl dwe akonpaye elèv la nan lopital la. Si paran an pa rive nan fen jounen lekòl manm estaf la, manm estaf la dwe kontakte direktè a/reprezantan l.

2. Pwosedi apre entèvansyon/suivi

Direktè a oswa reprezantan l dwe pran mezi sa yo apre tantativ suisid la pou sipòte elèv la ak paran an:

a. Kominike toutan ak paran an ak SBMHP oswa ak yon lòt founisè sèvis tretman pou asire lekòl la bay sipò apwopriye.

b. Kontinye bay ansèyman ki apwopriye. Yo pa ka ranvwaye okenn elèv nan lekòl pandan l ap tann yon"lese-pase medikal" “medical clearance” oswa yon “otorizasyon pou l retounen lekòl”.

c. Ofri sèvis oryantasyon ak sèvis *counseling* lekòl lè elèv la retounen. Sa ka gen ladan, apa lòt bagay:

i. kenbe kontak avèk elèv la ak fanmi l;

ii. kominike avèk SBMHP, lopital yo ak ajans sante mantal yo;

iii. ede elèv la adapte l ak jere bagay ki bay estrès nan lekòl;

IV adapte pwogram lekòl la lè li apwopriye; ak/oswa

v. entegre sèvis lekòl ak èd ki soti lòt kote.

vi. Si ensidan an gen yon konsekans sou rès kominote lekòl la, yo ta dwe rele ekip kriz la pou ede estaf la ak elèv yo fè fas avèk sitiyasyon an.

B. Konpòtman suisid

1. Siy Avètisman

Yo dwe konsidere sitiyasyon an kòm yon menas lanmò nenpòt lè yon elèv di oswa ekri yon plan suisid detaye oswa nenpòt lè yon elèv prezante yon konbinezon nenpòt nan modèl konpòtman sa yo:

- Chagren ki grav ak pèsistan
- Konpòtman ki te lakoz domaj a pwòp tèt li avan
- Dezenteresman/izolman konplè

- Santiman dezespwa
- Depresyon ki dire lontan
- Izaj pwodui chimik ki dire
- Fonksyònman nan lekòl k ap vin pi mal
- Pèt limit nan reyalite
- Absans sans emosyon/enflyans ki pa apwopriye
- Laraj/kòlè

2. Mezi entèvansyon

   Yo dwe pran mezi sa yo lè nenpòt manm estaf la vin okouran konpòtman suisid:

   a. Manm estaf la dwe enfòme direktè a oswa reprezantan l imedyatman.

   b. Manm estaf la dwe kontakte 911 lè sa nesesè.

   c. Direktè/reprezantan l dwe kontakte paran yo epi fè yo konnen gravite ak danje sitiyasyon an ka reprezante epi ede nan devlopman yon plan aksyon imedya pou yo suiv, sa vle di rekòmandasyon ba SBMHP, adrès yon lopital ki tou pre, ajans sante mantal oswa lòt sèvis sipò ki apwopriye.

   d. Si elèv la montre li gen aksè nan mwayen pou tante suisid, yo dwe enfòme paran an sou mezi pou prevansyon ki apwopriye. Anplis, yo ta dwe konseye paran sou "limit mwayen yo," limite aksè timoun lan nan mwayen pou l reyalize tantativ suisid la (sa vle di zam oswa medikaman/dwòg danjre).

3. Aktivite apre entèvansyon/Aktivite pou Suivi

   Direktè a/reprezantan l dwe gen kominikasyon toutan avèk paran an ansanm avèk founisè sèvis tretman an pou asire lekòl la bay sipò ki apwopriye. Direktè a/reprezantan l dwe travay avèk ekip kriz la pou evalye risk timoun lan epi ofri sèvis ak entèvansyon ki apwopriye. Gid rekòmandasyon pou suisid- Y ap itilize Pwosedi pou mezi Gid r ekòmandasyon pou suisid (Dokiman siplemantè No. 1) pou gide pèsonèl lekòl k ap travay avèk elèv ki riske suidide tèt yo.

C. Lide suisid

1. Mezi entèvansyon

   Lè yon elèv montre panse oswa santiman jeneral sou suisid epi prezante kèk siy avètisman oswa faktè ki nan Gid referans suisid _Siy avètisman pou ris suisid Suicide *Reference Guide – Warning Signs of Suicide Risk* (Dokiman siplemantè No. 1), yo dwe pran mezi sa yo:

   a. Ekip kriz la dwe evalye sitiyasyon an pou deside ki sèvis ak entèvansyon ki apwopriye.

   b. Nenpòt manm estaf ki vin okouran yon konpòtman konsa dwe avèti direktè a/ reprezantan l imedyatman.

   c. Direktè a/ reprezantan l dwe fè paran elèv la konnen danje posib sitiyasyon an reprezante.

2. Mezi suivi apre entèvansyon

   Ekip kriz la dwe devlope yon plan aksyon nan tèt ansanm ak paran an pou:

   - fè aranjman pou yon manm yo endike nan ekip kriz la rankontre avèk elèv la regilyèman pou ofri l sipò ak kontwole pwogrè elèv la toutan ;

- fè suivi nan lekòl la ak/oswa fè suivi avèk founisè sèvis tretman an pou detèmine ki lòt mezi yo ta dwe pran, si yo ta dwe pran yon mezi;
- rekòmande elèv la ba SBMHP oswa ba yon pwogram evalyasyon sante mantal lòt kote, ba yon pwogram evalyasyon pou depresyon oswa ba yon ajans sante mantal;
- ankouraje elèv ak fanmi l pou patisipe nan entèvansyon pou terapi k ap kontinye; ak/oswa
- kominike avèk ekip prevansyon, edikasyon ak entèvansyon suisid la pou revize pwogrè elèv la regilyèman epi detèmine rezilta entèvansyon yo.

D. Lè yon elèv tante suisid oswa prezante konpòtman pou posiblite suisid, estaf lekòl la ta dwe voye yon rekòmndayon ba CSE oswa mande yon reyinyon 504. Pou enfòmasyon sou kòman pou fè yon reyinyon 504, tanpri gade CR A-710, ki afiche nan sit wèb DOE a nan http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/381F4607-7841-4D28-B7D5-0F30DDB77DFA/97054/A7101202011FINAL.pdf.

IV. PWOSEDI POU SUIVI

Apre tantativ suisid oswa apre yon elèv fin suiside tèt li, yo ta dwe tabli pwosedi pou suivi pou ede estaf la, elèv yo ak fanmi an pou yo jere sitiyasyon an. Yo ta dwe mete aktivite pou suivi sa yo nan chak plan lekòl:

A. Yo ta dwe fè yon konferans pou tout estaf lekòl la pi vit posib apre yon suisid pou:

1. 1. Elimine rimè k ap sikile sou suisid la;
2. Devlope yon plan pou fè fas avèk ensidan suisid la nan gwoup salklas endividyèl (pou pèmèt diskisyon ouvè ak fasilite idantifikasyon lòt elèv ki riske suiside tèt yo epi evite imite suisid);
3. Konsidere fè yon sèvis komemorasyon; epi
4. Konsidere reyaksyon pèn elèv, estaf ak tout kominote lekòl la.

B. Travayè sante mantal, manm ekip kriz la ak/oswa òganizasyon kominotè *community-based organizations* (CBO) ta dwe fè sesyon an tigwoup ak elèv ak estaf pou soulaje angwas epi ede rezoud sansasyon ki suiv ensidan sa a.

C. Ofri manm fanmi an yon rekòmandasyon pou yo jwenn resous lòt kote pou kontinye sèvis sipò yo nan kolaborasyon avèk direktè a.

V. PWOSEDI POU FÈ RAPÒ

A. On-line Occurrence Reports

Tout manm estaf la dwe rapòte tout ka susid, tantativ suisid ak ekspresyon entansyon suisid ki rive nan lekòl la ak andeyò lekòl la ba DOE fason sa yo:

1. 1. Manm estaf lekòl la dwe enfòme direktè a oswa reprezantan l imedyatman.
2. 2. Direktè a/reprezantan l dwe avèti lyezon fòmasyon jèn CFN lan kòmsadwa pa telefòn imedyatman.
3. 3. Direktè a/reprezantan l dwe rele nan (718) 935-3210 pou avèti sant enfòmasyon pou ijans DOE a imedyatman sou ensidan an.
4. Direktè a/reprezantan l dwe ranpli yon Rapò suisid nan *Online Occurrence Reporting System* (OORS) lan nan espas yon jou lekòl. Ou ka rantre nan link OORS DOE a nan: https://ats.nycboe.net/safety/portal/.
5. 5. Direktè a/reprezantan l dwe ranpli yon rapò pou suivi nan OORS nan espas dis (10) jou.

The Office of School and Youth Development gen yon biwo help desk pou ede avèk pwoblèm teknik lè w ap ranpli yon rapò nan OORS. Help desk la disponib ant 8:00 AM ak 6:00 PM Lendi rive Vandredi. Pou kontakte help desk la, konpoze (718) 935-5004 epi mande pou OSYD Web Support. Rapò ba New York State Central Register for Child Abuse and Maltreatment (gade Chancellor's Regulation A-750, Rapò abi ak move tretman yo sispèk sou timoun).

1. Tout estaf se manm ki gen manda kòm rapòtè pou abi ak move tretman sou timoun. Manm estaf ki gen premye enfòmasyon an dwe fè yon rapò oral pèsonèlman ak imedyatman ba New York State Central Register (SCR) pou abi ak neglijans timoun *Child Abuse and Neglect* nan 1-800-635-1522 lè:

   a. Yon elèv prezante konpòtman suisid ki posib epi lekòl la gen rezon valab ki fè yo sispèk ke yo abize oswa maltrete timoun lan.

   b. Paran refize koopere avèk lekòl la oswa refize pran lòt mezi prevansyon epi elèv la toujou nan ris.

2. Imedyatman apre yo fè rapò oral la ba SCR, manm estaf la dwe enfòme direktè a/reprezantan l ki dwe ranpli fòm LDSS 2221 A nan delè 48 èdtan. Ou ka jwenn kopi fòm lan nan: http://schools.nyc.gov/StudentSupport/NonAcademicSupport/ChildAbuse/default.htm (gade CR A-750 - Rapò sou abi ak move tretman sou timoun yo sispèk *Reports of Suspected Child Abuse and Maltreatment*).

VI. ASISTANS TEKNIK

Lyezon pou fòmasyon jèn CFN lan ka ofri èd li ak sa a nan devlope plan pou prevansyon ak entèvansyon sou suisid, nan fè fòmasyon pwofesyonèl ak nan idantifye materyèl edikatif sou prevansyon ak entèvansyon sou suisid. Si w bezwen èd teknik, kontakte Office of School and Youth Development nan nimewo ki pi ba a.

VII. KESYON

Si gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo ba:

Telefòn:	*Office of School and Youth Development* *Suicide Prevention and Intervention* N.Y.C. Department of Education 52 Chambers Street - Room 218 New York, NY 10007	Fax:
212-374-0805		212-374-5751